# ДИСКУРС ТАЛҚЫЛАЎ ЖАНРЛАРЫН ОҚЫТЫЎДА БАҲАЛАЎ ӨЛШЕМИ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ: «PRESETT» (КЕЛЕШЕК ИНГЛИС ТИЛИ ОҚЫТЫЎШЫЛАРЫН ТАЯРЛАЎ ПРОЕКТИ) ТӘЖИРИЙБЕСИНЕН

**Д.Мамырбаева –** *педагогика илимлериниң кандидаты*
**Х.Даўлетмуратова –** *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** халқ таълими, кўникма, баҳолаш, портфолио, дискурс таҳлил, жанр, ёзма, оғзаки.
**Ключевые слова:** образование, навык, оценивание, портфолио, дискурс анализ, жанр, письменный, устный.
**Key words:** education, skill, assessment, portfolio, discourse analysis, genre, written, spoken.

Өзбекистан Республикасы 1991-жылы ғәрезсизликке ерискеннен кейин мәмлекетлик дүзилисти қайта қурыў процеси зәрүрли ҳәм соның менен бирге қурамалы болды. Билимлендириў тараўында, әсиресе шет тиллерин үйрениў, оқытыў баҳалаў принциплерин түптен жаңалап шығыў, әҳмийетли мәселелердиң бири болып есапланады.

Барлық басқышта тил оқытыў нәтийжелери талап дәрежесинде болмады: жоқары оқыў орынларын питкериўшилер де шет тилинде еркин сөйлеп дурыс жазыў уқыбына ийе емес еди. Бундай кемшиликлердиң себебиниң бири оқытыўшылар шет тиллерин үйретиўде грамматикалық – аўдармалық (grammar translation method) усылынан пайдаланыўы болды. Бул усылда тил үйрениўге әдебий шығармалар тийкарында текстлерди оқып, аўдарып ҳәм сол текстлердеги қубылысларға итибар бөлинер еди. Ал шет тилин оқытыў методикасы пәни болса теориялық пән сыпатында бир семестр даўамында лекциялар ана тилинде оқытылатуғын еди.

Жоқары оқыў орынларындағы академиялық иерархия сол ўақыттағы статус квоны қоллап-қуўатлаўға қызығып шет тилин оқытыў процесиниң жаңаланыўы зәрүр деп тапты.

Билимлендириў тараўындағы әҳмийетли ҳәм салмақлы реформалардың бири бул 2012-жылы 10-декабрьдеги Өзбекистан Республикасы Президенти И.А. Каримовтың ПҚ-1875 санлы «Шет тиллерин үйрениў системасын буннан былай да жетилистириў ҳаққында»ғы қарары билимлендириў тараўында шет тиллерин үйрениўге деген көзқарасты түптен өзгертиў зәрүрли екенлигин белгиледи [1].

Бул қарарда шет тиллерин үйрениў билимлендириўдиң басланғыш басқышынан баслап жоқары басқышқа шекем приоритет бағдар екенлиги көрсетиледи.

2008-жылдан баслап Өзбекистан Республикасындағы 18 жоқары оқыў орынларында «PreSETT» проекти бойынша Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында инглис тили ҳәм әдебияты кафедрасы оқытыўшылары семинар тренингларға қатнасып үйрениў, оқытыў ҳәм баҳалаў коммуникатив усылларын енгизди.

Бул проект 2011- жылы ЖОАБМ тәрепинен тастыйықланып, оның тийкарында таза оқыў бағдарлама ҳәм режелер ислеп шығылды. «PreSETT» проекти арнап көплеген оқыў семинарлар өткерилди ҳәм соның менен бирге бир неше мақалалар жаратылды.

Бул мақалада бизлер тийкарынан, тиллерди оқытыўда үйрениўшилер билимин анықлаўда альтернатив баҳалаў усылларына тоқтап өтпекшимиз.

«PreSETT» бағдараламасы тийкарында оқытылып атырған пәнлер еки модульге бөлинеди: лингвистикалық ҳәм методикалдық модульлер. Усы модульлер көлемине келсек, олар пропорционал теңликке ийе яғный 50% лингвистикалық курс ҳәм 50% методикалық курс.

Алдыңғы бағдарламалар бойынша методикалық курс тек ғана 3-курстың, 5-6 семестрлеринде оқытылған болса «PreSETT» бағдараламасында методикалық курслар бир неше пәннен ибарат болып, олар екинши курстан баслап оқытылады. Таза бағдарламада ҳәр пәнге тийисли исши бағдарламалар (силабус) менен бирге баҳалаў өлшемлери ҳәм критериялары (ассесмент) норматив ҳүжжет сыпатында ислеп шығылған ҳәм оқытыўшылар көрсетилген тәртипте әмел қылыўы шәрт.

Дискурс (текст) талқылаў пәни екинши курс 3-4 семестрде оқытылады.

Дүнья жүзи илимпазлары тәрепинен дискурс талқылаў бағдары бойынша бир қанша илмий изертлеў жумыслары алып барылған.

Белгили шет ел илимпазлары 1960 жыллардан баслап дискурс талқылаў бойынша бир неше илимий жумыслар алып барған. 1960-жылы Делл Хаймс социологиялық изертлеўлер тийкарында социаллық орталықта сөйлеў әҳмийетлигине бағышлап илимий жумыслар алып барған. Британиялы аналитик М. А. Хэллидей 1973-жылы "Explorations in the Functions of Language" («Тил функцияларындағы изертлеўлер») атамасындағы мийнетинде функциональ грамматика, социосемиотика ҳәм фонология системаларына анықламалар киргизген [2].

Россиялы илимпазлар тәрепинен де 1990-жылларда бул тараў бойынша изертлеўлер өткерилген. Атап айтқанда, 1998-жылы В.З. Демьянков дискурс талқылаў пәнин төмендегише тәрийплейди: «Дискурстың формал өлшемлери сөйлеў тилиниң ҳәр қыйлы формаларын үйренеди» [3] Ю.С.Степановтың Дискурс ҳаққындағы түсиндирмеси төмендегише: «Дискурс-это первоначально особое использование языка для выражения особой ментальности...»[4].

Дискурс талқылаў пәниниң тийкарғы ўазыйпаларының бири бул текстлерди еки түрге ажырата алыўы – жазба ҳәм аўызеки текст түрлери. Бул тараўда Өзбекистан илимпазлары тәрепинен изертлеў жумыслары алып барылмақта.

Белгили илимпаз, филология илимлериниң кандидаты М. Йўлдошев «Бадиий матн ва унинг лингвопоэтик таҳлили асослари» оқыў қолланбасында дискурс талқылаўының әҳмийети ҳаққында былай дейди: «…сўзловчи ўз нутқининг ташқи шаклига эътибор бера бошлаши, лисоний ифода имкониятларини баҳолашга ўтиши билан тилнинг эстетик вазифаси ўзининг бошланғич кўринишида намоён бўлади, яъни сўзловчи нимани ифодалашнигина эмас, балки айни шу «нима»ни қандай ифодалашни ҳам муҳим деб ҳисоблашидан бошлабоқ тилнинг бу вазифаси ишга тушади. Жонли сўзлашув, кундалик мулоқот жараёнидаги кўпдан-кўп ўткир ҳазиллар, латифанамо кулгилар, чуқур маъноли сўз ўйинлари, кимларгадир тақлид қилишлар ва ҳоказо ҳолатларда ҳам тил белгиси, унинг бадиий-ифода имкониятларига ўзўзидан диққат қилинади…» [5].

Дискурс (текст) талқылаў пәнин оқытыўда үйренилип атырған шет тили жазба ҳәм аўызеки текстлериниң түрли көринислери ҳәм усылларының өзгешеликлери үйрениледи. Бунда күтилген нәтийже, пәнди өзлестиргеннен кейин талаба жазба ҳәм аўызеки текстлеринин өзине тән өзгешеликлерин парықлай алыў, грамматикалық ҳәм лексикалық тәреплерине әмел қыла алыў көнликпелерине ийе болады. Талабалар билим ҳәм көнликпелери рейтинг тийкарында баҳаланып, күнделик, аралық ҳәм жуўмақлаўшы кадағалаў өткерилип, жуўмақлаўшы қадағалаў ушын портфолио (жазба ҳәм аўызеки текст жанрларын талқылаў материаллары тийкарында) таярланады.

Портфолио талаплары бойынша талабалар дискурс (текст) жанрлары үлгилерин топлаўы ҳәм үш түрли кайднама (Entry I) таярлаўы зәрүр. Жазба дискурс жанр түрлерине төмендеги жанрлар киреди:

- Көркем әдебий шығарма
- Шахсий хатлар
- Рәсмий хатлар
- Көрсетпелер
- Дағазалар
- Журнал ҳәм газета мақалалары
- Энциклопедиялар, сөзликлер
- Мирәтнамалар
- Менюлар
- Рецептлер ҳәм т.б.

Портфолио талаплары бойынша екинши қайднамасы (EntryII) аўызеки дискурс жанрлары материалларын топлаў менен зәрүр ҳәм олар төмендегише болып табылады:

- Рәсмий сөйлесиўлер (мәжилис, конференция ҳәм семинарлар)
- Нәрәсмий сөйлесиўлер
- Телефон сөйлесиўлер
- Жаңалықлар (радио ҳәм телевидение)
- Аўызеки көрсетпелер
- Хабар ҳәм дағазалар
- Лекция ҳәм т.б.

Дискурс талқылаў пәни бойынша таярланатуғын үшинши қайднама (EntryIII) портфолио талаплары ишинде талабаны бираз қызықтырады. Себеби бунда талаба өз ана тили ҳәм инглис тилиниң аўызеки ҳәм жазба дискурс жанрларын талқылаўларын алып барады. Еки тилдиң яғный ана тили ҳәм инглис тили дискурс жанрлары уқсаслық ҳәм айырмашылықларына дыққат аўдарып талқылаў алып барады.

Бундай талабалар билимин баҳалаў усылларының басқа да альтернатив түрлери бар. «PreSETT» бағдарламасы бойынша ҳәр пәнниң спецификасына қарай бахалаў түрлери ислеп шығылған.

Талабалар билимин баҳалаў усы келтирип өткенимиздей алып барылса, бириншиден, оның өз бетинше ислеўин тәмийинлесе, екиншиден, оның критикалық пикирлеўин раўажландырады ҳәм талабада өзине болған исеним артатуғынлығы сөзсиз.

Альтернатив бахалаў усыллары ҳәзирги дәўирде басқа да кәнигеликлерге ен жайдырылыўы мақсетке муўапық.

**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. Өзбекистан Республикасы Президенти ПҚ-1875 санлы «Шет тиллерин үйрениў системасын буннан былай да жетилистириў хаққында»ғы қарары. 2012- жыл, 10- декабрь.
2. HallidayM.A. "Explorations in the Functions of Language". 1973, -Лондон: Edward Arnold, 70-73.
3. БСЭ, Языкознание. 1995, -С. 281.
4. Степанов Ю.С. «Альтернативный мир, дискурс, факт и принцип причинности». Язык и наvка XX в. – М.: 1995, -С. 35–73.
5. Йулдошев М.«Бадиий матн ва унинг лингвопоэтик таҳлили асослари». ўқув қўлланма. УзР ФА., «Фан», 2006, 4- б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «PreSETT» программаси асосида ўқитилаетган дискурс таҳлили фанини ўқитишда талабалар билимларини баҳолашда альтернатив баҳолашнинг аҳамияти ва самарадорлиги туғрисида сўз этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются альтернативные методы оценивания знаний студентов по предмету. Дискурсивный анализ, который обучается по программе «PreSETT» и их особенности в преподавании английского языка.

**SUMMARY**

The article deals with the alternative methods of assessment on the subject Discourse analysis which is being taught on «PreSETT» program and its peculiarities in teaching English.

## ВОДОРОД ТЕМАСЫН ОҚЫТЫЎДА «ЗИГ-ЗАГ» МЕТОДЫНАН ПАЙДАЛАНЫЎ

**З.Меңлимуратова** – *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: интерфаол усулда ўқитиш, «Зиг-заг» методи, кимёвий тушунчалар, кимёвий реакциялар, электрон конфигурация, элементнинг физикавий ва кимёвий хоссалари.

**Ключевые слова:** интерактивное обучение, метод «Зиг-заг», химические понятия, химические реакции, электронная конфигурация, физические и химические свойства элемента.

**Key words:** interactiv education, method "Zig-zag", chemical notions, chemical reactions, electronic deskside, physical and chemical characteristics of the element.

«Зиг-заг» методы талабалар менен киши топарларда ислеўге тийкарланған болып, теманы тез ҳәм пухта өзлестириўге хызмет етеди. Зиг-заг методы «басқаларды оқытыў» методы деп те аталады. Бул методтың абзаллығы төмендегилер менен белгиленеди:

*1.Талабаларда топар болып ислеў көнликпесин қәлиплестиреди*

*2. Теманы өзлестириўге сарпланатуғын ўақыт үнемленеди.*

**«Зиг-заг» методын өткериў қағыйдалары:**

**1-басқыш.** Аудитория киши топарларға бөлинеди ҳәм оқыў материалы бөлип бериледи. Топардың ҳәр бир ағзасына үйренип шығыў ҳәм топардың басқа ағзаларына түсиндирип бериў ушын ҳәр қыйлы материал ( 1-студентке биринши бет, 2-студентке екинши бет ҳәм басқаларға да усыған уқсас ҳалдағы) бөлимлери бериледи.

**2-басқыш.** Экспертлик топарлар оқыў материалын үйренеди ҳәм оның презентациясын таярлайды. Эксперт топары-бул бирдей оқыў материалына ийе ҳәр қыйлы киши топарлардың ағзалары. (Мәселен, 1-бет үйрениўге берилген оқыўшы бир А топарының ағзасы Б топардың 1-бетти үйрениўши ағзасы менен ушырасып, биргеликте материалды үйренип шығады.) Партнер - экспертлер материалды түсиндириўдиң усылларын, жолларын анықлап алады. Соңынан эксперт топарының басқа ағзаларына материалды түсиндиреди ҳәм олардың қандай дәрежеде түсинип алғанын анықлайды.

**3-басқыш.** Биргеликте оқыў (үйрениў) ҳәм тексериў ушын өз топарына қайтыў. Талабалар өз кооператив топарларына қайтып келеди. Усы жерде олар гезек пенен бир-бирин үйренип шыққан материалы менен таныстырады.

**4-басқыш.** Жеке ҳәм топарлық есап бериў. Барлық топар оның ҳәр бир ағзасының материалды толық билиўине жуўапкер есапланады. Топар оның ҳәр бир ағзасынан өз билимин көрсетиўин сораўы мүмкин. Буны ҳәр қыйлы усыллар жәрдеминде иске асырыўға болады. Мәселен: жазба тексериў жумысын таярлаў, бир қатар сораўларға аўызша жуўап бериў ямаса топардағы басқа ағзалардың үйреткен материалын толық презентация ислеўди тапсырыў мүмкин.

***Тапсырма:*** **Водород ҳаққында мағлыўматларды үйрениў**

**1-тыңлаўшыға:**

***Водородтың ашылыў тарийхы ҳәм электрон конфигурациясы***

Водород XVI әсирдиң 2-ярымында немец шыпакери ҳәм тәбияттаныўшысы Парацельс тәрепинен ашылды. 1776-жылы Англия химиги Кавендиш водородтың химиялық қәсийетлерин сыпатлап, оның басқа газлардан айырмашылығын айтқан. 1783 жылы Лавуазье биринши мәрте водородты суўдан ажыратып алған. Водород латынша «гидрогениум» суў дөретиўши деген мәнисти билдиреди. Элемент аты: водород. Химиялық белгиси: Н. Салыстырмалы атом массасы: Ar = 1,008. Електронлардың энергетикалық бағанашаларда жайласыўы: $_{+1}H\ 1e^-$. Сыртқы қабатының электрон конфигурациясы: $1s^1$. Тәбийий изотоплары: $_1H^1$; $_1H^2$; $_1H^3$.

**2-тыңлаўшыға:**

***Водородтың тәбиятта ушырасыўы***

Водород тәбиятта еркин ҳәм бирикпе ҳалында ушырайды. Еркин ҳалында кем ушырайды, жеңил газ болғаны ушын ҳаўаның жоқары қатламларында да ушырайды. Жер қабатының аўырлық жағынан 1 % ин, ал суў қурамының 11,11 % қурайды. Тас көмир, нефть, тәбийий газлар, өсимлик ҳәм ҳайўан организминде болатуғын органикалық ҳәм анорганикалық затлар қурамына киреди. Водород әсиресе, космос фазасында көп тарқалған. Водород әлем (галактика) тиришилигинде үлкен орынды ийелейди. Ол күн ҳәм жулдызларды ыссылық пенен тәмийинлеўши атом отыны болып есапланады.

**3-тыңлаўшыға:**

***Водородтың физикалық қәсийетлери***

Водород ийиссиз, реңсиз, ең жеңил газ. Ол ҳаўадан 14,5 есе жеңил. Водород суўда аз ерийди (1литр суўда $18^0$С да 18 мл водород ерийди). Ол-258 $^0$С да реңсиз суйықлыққа айланады, - $253^0$С та қайнайды. Водородтың тәбиятта үш түрли изотопы бар: $_1H^1$протий, $_1D^2$ дейтерий, $_1T^3$тритий. Водородтың 99,98% $_1H^1$ ҳәм 0,02 % $_1D^2$ ден турады. Суйық водородты айдаў жолы менен $_1D^2$ алынады. Дейтерийдиң кислород пенен пайда еткен бирикпеси аўыр суў деп аталады. Тритий водородтың радиоактив изотопы болып есапланады. Ол тәбиятта жоқ дерлик. Тритийдиң жер жүзиндеги муғдары 30 граммнан артпайды. Ол космос нурларындағы нейтронлардың атмосфера азотына тәсири нәтийжесинде пайда болады.

**4-тыңлаўшыға:**